



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO POU MANDE GOUVÈNMAN
FEDERAL LA FINANSE KONPLÈTMAN FON KONPANSASYON
POU VIKTIM 11 SEPTANM YO**

"11 Septanm 2001, te youn nan jou ki te pi sonm nan long istwa Eta sa a ak nasyon sa a. Nou pap janm bliye ewo yo ki te riske lavi yo pou ede lòt yo jou sa a ak nan mwa ak ane ki te swiv yo.

Lide ke viktim yo ki toujou ap debat avèk efè sante ataks orib sa yo ka pa kapab resevwa finansman ak sipò yo bezwen pou trete maladi yo a se yon wont. Nou pa ta dwe ap redui peman yo pou ewo sa yo, nou ta dwe ap ogmante finansman an pou tout moun ki bezwen li epi rann fon sa a pèmanan yon fwa pou tout.

Se responsabilite nou kòm yon nasyon pou sipòte sila yo ki toujou ap souffri anba atak 9/11 yo, epi mwen mande gouvènman federal la pou rejwenn efò delegasyon Kongrè New York yo pou pran aksyon imedya pou finansman konplètman Fon Konpansasyon pou Viktim lan epi onore sakrifis Nouyòkè brav sa yo te fè pou peyi yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)